

ETA KAWOLIN DINÒ  
KONSEY EGZAMEN



SOU DOSYE:

# Desizyon Otorite Siperyè yo.

ATTN:

Demandè

Anplwayè

MEMWA:

Demandè ki te fè depozisyon NEW INITIAL CLAIM (NIC) (NOUVO DEMANN INISYAL) la pou alokasyon asirans chomaj ki aplikab . Apresa, Divizyon Sekirite Travay la (“Divizyon”) te detèmine, montan alokasyon chak semèn nan non demandè a te \$ epi, pandan ane alokasyon ki te etabli pa demandè a, montan maksimòm alokasyon asirans chomaj ki peye nan non demandè a te \$

Demann lan te ranvwaye bay yon jij sou dosye separasyon de dènyè travay la. Jij la te emèt yon rezolisyon pa abit la sou nimewo dosye: , ki twouve demandè a ( Diskalifye) ( Pa diskalifye) ( elijib) ( pa elijib) pou alokasyon yo. (Demandè) oswa ( Anplwayè) a te depoze yon apèl de Rezolisyon an epi dosye a te tandè pa Abit Apèl (non) sou nimewo dosye apèl : . Moun sa yo te prezante nan odyans lan devan Abit Apèl la: . Nan dat , Abit Apèl la te emèt yon desizyon ki mansyone, demandè a (diskalifye) ( pa diskalifye) (elijib) (pa elijib) pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. § 96-( ). **(Demandè) (anplwayè) a te fè yon apèl.**

KONSTATASYON FÈ

1. Demandè a te depoze kèk apèl pou alokasyon asirans chomaj pou peryòd jiska . Demandè a te enskri pou travay nan Divizyon an, li te kontinye fè rapò nan yon biwo travay jan li rekòmande pa Divizyon an, epi te fè yon demann pou alokasyon yo an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. § 96-15(a).

2. Demandè a te kòmanse travay pou anplwayè a nan dat antanke yon . Dènye fwa li te travay pou anplwayè a te :



# Desizyon Otorite Siperyè yo.  
Paj De nan Senk

MEMORANDÒM LALWA:

Lwa Sekirite Travay Kawolin Dinò a prevwa, yon moun nan chomaj pou objèktif etablisman yon ane alokasyon si li reponn avèk yonn nan kondisyon sa yo:

- (a) Atachman Pèman. -
- (1) Atachman Pèman. - Moun sa genyen yon pyès jwent pèman akòz de mank travay pandan semèn pèman an kote li mande etablisman yon ane alokasyon, moun nan te travay mwens pase ekivalan twa jou tanplèn ki pwograme nan etablisman an, izin, oswa antrepriz kote moun nan ap travay la genyen yon atachman pèman pou li antanke yon anplwaye regilye.
  - (2) **Pa genyen atachman pèman.** – Moun sa pa genyen okenn atachman pèman nan dat moun nan te depoze yon demann pou alokasyon asirans chomaj.

Pou semèn alokasyon yo pandan yon etablisman ane alokasyon, demandè a nan chomaj jan li founi nan souseksyon:

- (b) Nan chomaj. – Pou semèn alokasyon yo nan yon ane alokasyon ki etabli,
- (1) Totalman nan chomaj. – Lajan demandè a antre pou semèn nan, enkli pèman nan souseksyon ( c ) de seksyon sa a, p ap redwi montan alokasyon chak semèn demandè a jan li kalkile nan G.S. 96-14.2.
  - (2) Pasyèlman nan chomaj. - Demandè a atache nan pèman an epi De bagay sa yo aplike:
    - a. Demandè a te travay mwens pase twa jou regilye plantan nan etablisman an, izin oswa antrepriz demandè a ap travay la akòz mwens travay pandan semèn pèman demandè a fè demann alokasyon yo.
    - b. Lajan demandè a antre pou semèn pèman an kote demandè a fè demann alokasyon yo, enkli pèman ki nan souseksyon ( c ) sa t ap kalifye demandè pou yon montan alokasyon redwi chak semèn yo jan li kalkile a nan G.S. 96-14.2.
  - (3) An pati totalman nan chomaj. – Demandè a pa gen atachman pèman pou totalite oswa yon pati nan semèn nan pou ti travay oswa travay segondè t ap kalifye demandè a pou yon montan alokasyon redwi chak semèn jan li kalkile a nan G.S. 96-14.2.



# Desizyon Otorite Siperyè yo.  
Paj Twa nan Senk

(c) Pèman Separasyon. – Yon moun pa nan chomaj si, pou sa ki konsène tout semèn kalandriye a, yon moun resevwa oswa pral resevwa reminerasyon separasyon nan yonn oswa plizyè fòmilè ki mansyone nan souseksyon sa. Si reminerasyon an pa bay nan totalite, montan an ta dwe alwe sou yon baz chak semèn tankou si li te genyen pa moun nan pandan yon semèn travay. Yon moun kapab nan chomaj, jan li prevwa nan souseksyon ( b ) de seksyon sa, si moun nan ap resevwa pèman ki aplikab pou mwens pase tout semèn nan:

- (1) Salè nan plas avi a.
- (2) Pèman vakans akimile.
- (3) Pèman konje tèminal.
- (4) Alokasyon fen travay.
- (5) Pèman separasyon.
- (6) Rejè pèman oswa salè sou nenpòt non.

N. C. Gen. Stat. § 96-15.01.

Nan pwosesis pou tonbe (adòpte nan dat 30 Avril 1997), Desizyon Presedan Nimewo 33 a, bay konsèy sa yo nan ka demandè ki anplwaye pa anplwayè sèvis pèsònèl tanporè:

Yon moun ki anplwaye pa yon sèvis pèsònèl tanporè ki depoze yon NIC oswa AIC pou alokasyon asirans chomaj aprè yon afektasyon te pran fen oswa aprè li pa gen pèmisyon retounen pou yon afektasyon epi anvan òf yon lòt afektasyon konsidere kòm separe de travay la an konfòmite avèk prensip G.S. §96-14(1), (2), (2a) oswa (2b),<sup>1</sup> men dwe konsidere kòm san travay annakò avèk G.S. §96-8(10)a. avèk b, sof si demandè a te ranvwaye. Si demandè a te ranvwaye, alò kalifikasyon demandè a pou resevwa alokasyon yo pral detèmine annakò avèk G.S. §96-14(2), (2a) or (2b).

Pou tout semèn kote demandè a ap resevwa alokasyon an vèti de G.S. §96-8(10)a. oswa b.<sup>2</sup> epi pa rive fè tout travay anplwayè sèvis pèsònèl tanporè li an te mete nan dispozisyon l, kalifikasyon demandè a pou resevwa alokasyon yo pral deside an vèti de G.S. §96-13(a).<sup>3</sup>

Lwa Sekirite Travay kawolin Dinò prevwa, yon moun ki nan chomaj pral elijib pou resevwa alokasyon chak semèn, si divizyon an te reponn avèk egzijans chak semèn yo. N. C. Gen. Stat. § 96-14.9.

### KONKLIZYON LALWA:

Nan ka prezan, tout prèv konteste te rezoud pandan yo t ap fè konstatasyon fè ki fonde sou bon jan prèv konpetan nou ka fè konfyans ki te prezante nan odyans lan

<sup>1</sup> Anile pa Lwa Sesyon 2013-2, aplikab Premye Jiyè, 2013. Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-14.5, 96-14.6, 96-14.7(a) nan lwa aktyèl la.

<sup>2</sup> Anile pa Lwa Sesyon 2013-2, aplikab Premye Jiyè, 2013. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-1 nan lwa aktyèl la.

<sup>3</sup> Anile pa Lwa Sesyon 2013-2, aplikab Premye Jiyè, 2013. Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-14.1, 96-14.9, 96-14.10 nan lwa aktyèl la.



Moun ki sousinye a mete fen apati de prèv konpetan epi kredib avèk fè ki revele demandè a te

Sou baz sa ki swiv la, desizyon Abit Apèl la dwe (afime/ranvèse/modifye) epi demandè a dwe (elijib) (elijib) pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo.

DESIZYON:

Desizyon Abit Apèl la (**AFIME**)(**ENVÈSE**)(**MODIFYE**)

Demandè a **Elijib** pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo pou semèn k ap fini (**PA ELIJIB**) pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo pou semèn k ap fini .

Manm Konsèy Egzamen yo: John S Doe avèk Susan S Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa a.

Sa se .

KONSÈY EGZAMEN AN

---

Prezidan

**NÒT:** Desizyon Otorite Siperyè a pral vin definitiv nan trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon pou egzamen jidisyè depoze nan kou siperyè a jan li endike pi ba a. Dat li voye pa lapòs la twouve nan dènye paj desizyon sa. Menm si Konsèy la pa bay avi jiridik, silvouplè konsilte bwochi ki atache a pou plis konsèy sou kòman pou fè apèl yon Desizyon Otorite Siperyè a. Bwochi a disponib nan biwo travay piblik yo nan tout Eta a, epi sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la. Ou kapab vizite tou seksyon *Kesyon ki Souvan Poze* yo sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov), epi konsilte yon avoka selon chwa w.

**DWA APÈL POU EGZAMEN JIDISYÈ**

Apèl apati de Desizyon Otorite Siperyè sa dwe depoze bay Grefye Kou Siperyè a pa moun k ap fè petisyon an nan zòn kote li rezide a, oswa kote moun k ap fè petisyon an genyen espas prensipal biznis li. Si yon pati pa rezide nan okenn zòn oswa genyen espas prensipal biznis li nan nenpòt kanton nan kawolin Dinò, apèl yo dwe depoze bay Grefye Kou Siperyè kanton Wake county a, Kawolin Dinò oswa avèk Grefye Kou Siperyè kanton kawolin Dinò kote kontestasyon an te fèt la.

Desizyon de Otorite Siperyè a pral vin definitiv trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon ki te rive alè pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).

ENPÒTAN– GADE PAJ KI SWIV LA

# Desizyon Otorite Siperyè yo  
Paj Senk nan Senk



Kopi tout petisyon pou Egzamen Jidisyè ki depoze bay Grefye Kou Siperyè a dwe voye bay Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") avèk tout pati ki enskri nan pwosesis la nan delè dis

(10) jou de lè petisyon an te depoze a. Kopi petisyon an dwe voye pa sèvis pèsonèl oswa yon adrès lapòs, retounen resi ki egzije a. Petisyon pou egzamen kou siperyè a dwe voye ladan epi adrese avèk ajan ki imatrikile pou sèvis trètman nan Divizyon an:

A. John Q Lawyer  
Konseye Jiridik an Chèf  
Depatman Komès Kawolin Dinò  
Divizyon Sekirite Travay  
**Adrès Lapòs:** Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611-5903  
**Adrès Fizik:** 700 Wade Avenue, Raleigh, NC 27605-1154

**NÒT:** Si ou te enfòm avèk yon petisyon pou egzamen jidisyè pa lòt pati a, ou p ap yon pati pou pwosesis egzamen jidisyè a sof si ou: (1) Enfòm kou siperyè a nan delè dis (10) jou aprè ou resevwa petisyon ke ou vle vin yon pati nan pwosesis yo, oswa (2) depoze yon mosyon pou entèvni jan li dekri nan N.C. Gen. Stat. § 1A-1, Règ 24.

### **AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE**

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès yo k ap sèvi antanke administratè anlwayè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòm avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 avèk § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizyon yon avoka dwe ekri an konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòm avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

**Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 jiyè 2013 yo, demandè yo fè sijè ranbousman alokasyon ki te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèsè pita pandan apèl la.** N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

**AVI ESPESYAL POU DEMANDÈ YO:** Si ou t ap resevwa oswa te deja alokasyon asirans chomaj annakò avèk demann ki soulinye a epi avèk Desizyon Otorite Siperyè a rann ou pa elijib oswa diskalifye pou tout oswa yon pati nan alokasyon sa yo, kounyeya ou kapab jwenn yon pèman anplis de alokasyon yo selon N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Si yon pèman anplis te kreye pa Desizyon Otorite Siperyè a, ou pral resevwa pa lapòs yon avi separe de pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis de Divizyon Entegrite Alokasyon/ Seksyon Kontwòl Pèman Alokasyon an. Avi pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis la dwe mansyone, pami lòt bagay yo, montan pèman anplis ou an avèk tout penalite ki aplike

Silvouplè pran nòt, sèl mwayen ou kapab konteste pèman anplis la se fè depozisyon yon petisyon pou egzamen jidisyè de Desizyon Otorite Siperyè sa nan tribinal ki founi pi wo a, epi an

konfòmite avèk lwa kawolin Dinò. Nan petisyon ou an, ou dwe espesifye kelkeswa w ap aple (1) rezilta diskalifikasyon a oswa elijiblite avèk oswa (2) rezolisyon final ou te resevwa yon pèman anplis alokasyon.



Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: